

Bonjou, Kouman nou ye ?

Nou mande nou chache pran konesans epi pataje yo ak fanmi, zanmi , vwazen nou yo.

Anpil fanmi Laval nan moman sa a entoksike ak monoksid kabòn(co) akòz blakawout ki genyen depi mèkredi nan tout gran rejyon Laval la.

Reyèlman vre, akòz blakawout la, plizyè sitwayen tante pran chans itilize kèk aparèy chofaj pòtatif oubyen recho pou fè manje andedan lakay yo.

Bagay sa a mete popilasyon an devan yon gwo kokenn ris pou yo entoksike yo ak monoksid kabòn (CO). Monoksid kabòn nan se yon gaz toksik ki pa gen odè ni koulè ni gou, ki pwodui kote ki genyen lafimen.

MESAJ PREVANSYON :

- N ap raple nou aparèy chofaj ak recho pwopàn pou kuit manje fèt pou moun itilize yo deyò.

Babekyou, ekipman kanping, nou pa dwe itilize yo pou okenn rezon kòm sous chofaj derechanj ni recho derechanj pou moun fè manje andedan kay.

- Siy sentom lè moun entoksike ak monoksid kabòn se :
 - Tèt fè mal
 - Étoudisman
 - Fatig
 - Zye twoub
 - Kè anlè
 - Vomisman
 - Nan ka ki pi grav, moun nan kapab endispoze. Mis li yo kapab kontrakte rèd epi li kapab menm mouri.
- Si nou ta sispèk yon sitiyasyon entoksikasyon ak monoksid kabòn, fòk nou rele nan 911.

POU PLIS RANSÈYMAN :

- Site Internet de la Directrice de santé publique de Laval: <https://www.lavalensante.com/informations-pratiques/espace-usager/conseils-de-sante/monoxyde-de-carbone/>
- Portail gouvernemental Québec.ca – Prévenir les intoxications au monoxyde de carbone : <https://www.quebec.ca/sante/conseils-et-prevention/sante-et-environnement/prevenir-les-intoxications-au-monoxyde-de-carbone#c3971>
- Portail gouvernemental Québec.ca – Panne de courant : <https://www.quebec.ca/securite-situations-urgence/urgences-sinistres-risques-naturels/quoi-faire-avant-pendant-apres-urgence-sinistre/panne-courant>
- Liste des haltes chaleur et des centres d’hébergements d’urgence - Ville de Laval: <https://www.laval.ca/Pages/Fr/Citoyens/conditions-hivernales-extremes.aspx>